



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

ICYMI: Gouvènè Cuomo: Pwogram Lojman a bon mache mwen an

Jodia, Jounal New York Daily News te pibliye yon editoryal Gouvènè Andrew M. Cuomo ki te prezante rekò sipò l pou lojman a bon mache ansanm avèk pwopozisyon pou ranfòse epi etann lwa sou règleman lwaye nan vil New York, sa ki pral ekspire ane sa a. Si lejislati a pa aji sou nouvo règleman lwaye yo nan fen sesyon lejislativ sa, Gouvènè a pral mande yon sesyon spesyal jiskaske yo pase l.

Ou ka wè editoryal la [la](#). Tèks konplè a enkli tou anba:

Lojman ansekirite, a bon mache se fondasyon kominote nou yo. San li menm, New York kapab yon kote pou viv, men li pa pral yon kay pou plizyè milyon Nouyòkè.

Pwoteksyon pou lojman a bon mache se te pasyon m pou plis pase 30 ane.

Kòm fondatè antrepriz pou moun ki pi defavorize yo, e apres a kòm Sekretè Etazini pou lojman ak devlopman iben, se te misyon m pou ogmante apwovizyonman lojman a bon mache, diminye sou diskriminasyon epi elaji opsyon pwogram pou kominote ki gen revni fèb yo.

Anvan mwen te antre nan administrasyon an, rezèv lojman a bon mache New York te epwize rapidman avèk chak ane ki te pase. Nan 15 ane anvan pasaj nouvo kontwòl sou lwaye, New York te pèdi plis pase 230,000 apatman sistèm lwaye règleman, e nou te fè fas a menas pou pèdi plis pase 100,000 si nou pa aji.

Kidonk pandan katran ki sot pase yo, avèk lokatè yo kap fè fas a manipilasyon nan apatman lwaye règleman yo akòz konplo renovasyon, nou te limite prim inokipasyon epi modifiye sistèm kalkilasyon ak verifikasyon pou asire ke pwopriyetè yo respekte règ yo.

E san dout inovasyon pi enpòtan se te kreyasyon premye Inite Pwoteksyon Lokatè ki te gen kapasite pou envestige, verifiye epi pran aksyon legal kont pwopriyetè yo kap fè strateji kont lokatè inosan yo.

Efò istorik sa yo te matche pa yon investisman ki egalman istorik de \$1 milya nan pwogram House NY, sa ki bay devlopè yo lajan pou yo bati lojman a bon mache. Pwogram House NY te ede stimile plizyè milye inite lojman a bon mache; TPU te ede retounen 40,000 inite nan lojman règleman.

Men malgre aksyon nou katran de sa, kriz a bon mache a retounen avèk yon vanjans. Yon fwa ankò nou te fè fas avèk yon ekspirasyon ijans, e kounye a, enje a pi elve ankò.

Ogmantasyon pri lwaye ap pran yon vitès ki pi elve pou rezidan Vil New York yo. Nan 2012, apeprè 55% nan rezidan vil la te depanse plis pase 30% nan revni anyèl brit yo nan lwaye, e 30% lokatè nan vil New York te depanse plis pase mwatye nan salè anyèl brit yo nan lwaye.

Nan 3.4 milyon inite lojman nan Vil New York, mwens pase mwatye se lwaye ki stabilize e sèlman 1.2% ladan yo se lwaye kontwole. Aksè a inite lwaye stabilize limite enkwayableman, avèk sèlman 2.12% nan inite vid sa yo, yon chif ki byen lwen pase mwayèn nasyonal 7%.

Si tandans sa yo kontinye, lojman a bon mache ak fondasyon yon klas mwayèn dinamik pral byento yon souvni ki lwen anpil.

Kòm nap planfiye, yon lojman abòdab ki pi dirab, fonsè, nou pap sèlman pwoteje dwa plizyè milyon Nouyòkè yo, men egalman potansyèlman plizyè milyon toupatou nan peyi a.

Kidonk kòm Albany ap kontinye fè deba sou règleman lwaye, nou dwe ranfòse ak soutni objektif nou, pa sèlman pwolonje yo.

Nou dwe elimine tan lib nan derèglemantasyon oswa nan fason ki pi enpòtan ogmante limit sou kontwòl espas vid; ogmante bonis sou limit inokipasyon pou asire ke yo pa rekonpanse pwopriyetè yo finansyèman nan konplo yap fè pou fòse mete lokatè yo deyò; fè gwo investisman kapital ak sichaj nan renovasyon apatman ki disparèt depi pwopriyetè a fin rekipere apatman an, olye de fason atifisyèl pou ogmante pri lwaye yon inite chak mwa; epi fè preferans lwaye fonksyone tankou lwaye legal pou tout dire lokasyon an. Sa yo ta dwe eleman fondamantal nan nenpòt nouvo lwa sou lwaye règleman.

Pandanke lejislati a genyen l nan men l pou yo negosye deba spesifik yo, gen yon pwen ki pa negosyab: Travay yo pap fini amwenske e jiskaske yo pase yon lwa pou ranfòse epi elaji pwoteksyon lokatè yo.

Mwen pral rele yo pou yo retounen nan sesyon chak jou si sa nesèsè jiskaske lokatè yo jwenn pwoteksyon avèk nouvo règlemantasyon.

Bay “yon kay ki desan ak yon anviwonman lavi ki adapte pou chak fanmi Ameriken” se te objektif Lwa Nasyonal sou Lojman nan ane 1949. Anpil deseni apre, nou dwe reyangaje objektif sa kidonk Nouyòkè yo ka kontinye rele vil sa a ansanm avèk eta sa lakay yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418